



Pou Piblikasyon Imedya: 24/04/2015

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE ADMINISTRASYON FEDERAL CHEMENDEFÈ
APWOUE \$1 BILYON PRÈ POU MTA AMELYORE SISTÈM SEKIRITE
SIYALIZASYON LIRR AK METRO-NORTH**

***Pi gwo Prè ak Enterè ki Pi Ba nan Istwa MTA pra l Finanse Aplikasyon Bonjan
Kontwòl Tren nan Chemendefè yo***

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse ke Administrasyon Federal Chemendefè apwouve yon prè \$967.1 milyon pou Metropolitan Transportation Authority pou amelyorasyon sistèm siyalizasyon de sistèm tren pasaje MTA yo, Chemendefè Long Island ak Metro-North. Prè a, ki se pi gwo finansman ak enterè ki pi ba pou MTA, pral finanse enstalasyon bonjan kontwòl tren, yon teknoloji ki fèt pou elimine risk pou moun fè erè ki ka mennen nan aksidan tren.

“Prè sa a se yon investisman fòmidad nan MTA a - youn kap fè tren yo vin pi an sekirite pou tout pasaje yo sou Metro-North ak LIRR,” Gouvènè Cuomo te deklare. “Avèk finansman sa a, ekip yo pral travay sou machin endividyèl yo ansanm avèk plizyè santèn pis pou yo enstale teknoloji modèn ki kapab sove lavi moun. Prè sa a pa tap posib san èd ak travay di Sekretè DOT Anthony Foxx ak Administratè pa Enterim Sarah Feinberg, e mwen remèsye yo nan non tout kliyan tren MTA yo paske yo ede nou fè gwo pwogrè sa a.”

Prezidan ak Direktè MTA Thomas F. Prendergast te deklare, “Nou kontan anpil paske nou te kapab travay ansanm avèk Administrasyon Federal Chemendefè pou nou fè prim istorik ak enpòtan sa a yon reyalite. Bagay ki pi enpòtan nou fè chak jou se fòse pou nou asire sekirite pasaje nou yo, enplwaye yo, ak piblik la anjeneral. Prim sa a pral ede nou amelyore efò sa a nan yon fason ki enpòtan anpil.”

Bonjan kontwòl tren se yon teknoloji ki pèmèt sistèm òdinatè kontwole sèten aspè nan mouvman tren an otomatikman. Li gen entansyon pou l evite kolizyon tren-ak-tren, tren ki aksidantèlman ap vwayaje kote travayè pis yo ap travay, oswa derayman ki fèt akòz twòp vitès oswa mouvman tren ki fèt nan yon bouton ki pa byen aliyen. Teknoloji a adrese sityasyon tankou derayman Spuyten Duyvil nan Bronx, kote yon tren tap kouri pi vit pase jan li ta dwe. Kongrè te egzije enstalasyon bonjan kontwòl tren nan ane 2008 pou tout tren nan Etazini.

Chemendefè Metro-North ak Long Island nan pwosesis pou yo aplike teknoloji a, ki gen ladann enstalasyon eleman anbakasyon pou 1,455 machin tren ak aparèy pou transmèt siyal nan 588 kilomèt wout pis. An Novanm 2013, MTA te bay yon kontra nan yon antrepriz Bombardier Transportation ak Siemens Rail Automation pou yo aji tankou yon sistèm entegrasyon kap bay konsepsyon, founi ekipman ak asire ke sistèm nan fonksyone jan li ta dwe a. LIRR ak Metro-North forces ak kèk kontra twazyèm pati pral sipòte enstalasyon nan bò wout, biwo, kominikasyon ak ekipman anbakasyon. Depatman Transpòtasyon Connecticut pral finanse Enstalasyon bonjan kontwòl tren nan teritwa Metro-North nan Eta Connecticut la.

Prè a se pi gwo prè ki fèt atravè Pwogram Finansman Amelyorasyon ak reyabilitasyon Chemendefè nan Administrasyon Federal Chemendefè a e li sijè a Apwobasyon Konsèy MTA a nan dat 29 avril ak dènye fèmte a nan mwa me. MTA a pral bay Bon Revni Transpòtasyon l dirèkteman nan Administrasyon Federal Chemendefè a e lap peye obligasyon li nan yon peryòd 22½ ane ak yon to enterè fiks 2.38%. Bon Revni Transpòtasyon MTA yo klase “AA-” soti nan Estanda ak Fèb, “A2” nan Moody ak “A” nan Fitch.

Depite Charlie B. Rangel te deklare, “Pa gen anyen ki pi enpòtan pase asire byennèt Nouyòkè yo. Mwen bat bravo pou angajman Gouvènè Cuomo pou l amelyore mezi sekirite nan Metro-North ak LIRR, kidonk tout pasaje yo nan gwo Eta nou an kapab vwayaje konnen ke yo nan bon men.”

Depite Eliot Engel te deklare, “Sèvis MTA se yon pati ki endispansab nan lavi elektè mwen yo chak jou. Plizyè milye pasaje konte sou MTA pou yo ale nan travay, lakay oswa lekòl. Yo atann – e yo ta dwe resevwa – yon transpò tren ki an sekirite. Aplikasyon bonjan kontwòl tren se yon etap enpòtan ki fè atant sa a yon reyalite. Trajedi ki te fèt nan Spuyten Duyvil an 2013 ak nan Westchester nan kòmansman ane a te ka evite si teknoloji sove lavi sa a te deja anplas. Pandan ke nou paka soulaje doulè ak chagrin aksidan sa yo te lakòz, nou kapab fè tout efò nou pou kreye yon pi bon chemendefè pi devan. Mwen bat bravo pou DOT ak Administrasyon Federal Chemendefè paske yo rekonèt nesosite pou teknoloji sa a nan sistèm MTA a, e mwen kontan anpil paske tout pasaje yo kapab eksperimente yon bon vwayaj.”

Manm Kongrè Nita Lowey te deklare, “Mwen kontan Administrasyon Federal Chemendefè te apwouve aplikasyon MTA pou l enstale teknoloji bonjan kontwòl tren an. Sekirize finansman sa a ap ede asire ke dezans tankou aksidan Metro North ki te rive an Desan 2013 la pa janm rive ankò. Nan ane ki sot pase a, Mwen te travay san pran souf pou m te souliye bezwen pou resous adisyonèl pou ede tren yo enstale PTC, e map kontinye travay avèk manm eta ak federal pou nou asire ke MTA jwenn resous li bezwen pou l kenbe pasaje li yo an sekirite.”

Depite Gregory Meeks te deklare, Mwen ta renmen remèsye Gouvènè Cuomo pou priyorite li bay modènizasyon ak amelyorasyon Chemendefè Long Island ak Metro-Norths 1500 machin tren ak plizyè kilomèt pis bò sistèm tren ki pi frekante nan peyi nou

an. Investisman san parèy preske \$1 bilyon sa a nan LIRR ak Metro pral amelyore sekirite pou pasaje piblik yo, travayè tanspò piblik pou plizyè deseni.”

Depite Joe Crowley te deklare, “Mwen kontan dèske gouvènman federal la ap fè gwo investisman sa a pou nou kapab asire sekirite moun New York nan tren nou yo. Amelyorasyon MTA ap planifye yo ap rive byen lwen nan evite ensidan katastwòf tankou sa nou te wè ane ki sot pase yo.”

Depite Steve Israel te deklare, “Prè federal sa a se yon etap enpòtan nan amelyorasyon sekirite tren. Mwen bat bravo pou Metropolitan Transportation Authority ak Depatman Transpòtasyon nan efò pou yo sekirize prè sa a, e map kontinye lite pou resous federal pou enfrastrikti enpòtan New York yo.”

Depite Sean Patrick Maloney te deklare, “Mwen te goumen pou m pase lejislasyon mwen an pou m fè enstalasyon bonjan kontwòl tren “pwojè priyorite” pou prè RRIF yo paske investi nan PTC nan liy tren nou yo se bagay ki pi enpòtan nou kapab fè pou nou anpeche aksidan ak sove lavi. Sa se yon investisman enpòtan nan enfrastrikti transpòtasyon nou an ki priyoreze sekirite plizyè milye vwazen nan Hudson Valley.”

Manm Kongrè Grace Meng te deklare, “Remèsiman pou Administrasyon Federal Chemendefè pou apwobasyon gwo prè, enterè ba sa a pou modènize sistèm siyalizasyon tren yo. LIRR a enpòtan pou deplasman anpil nan elektè mwen yo e modènizasyon sistèm siyalizasyon an pou amelyore mezi sekirite se yon gwo priyorite. Mwen kontan paske pwojè sa a ap avanse pou pi devan nan finansman FRA a.”

Manm Kongrè Kathleen Rice te deklare, “Pa gen dout ke bonjan kontwòl tren an ap fè pasaje ak travayè yo gen plis sekirite epi lap amelyore sekirite sistèm chemendefè ke anpil Newyokè itilize chak jou. Nou bezwen aplike teknoloji sa a an antye, e gwo finansman federal avanse sa a pral pèmèt LIRR ak Metro-North kòmanse travay touoswit.”

Depite Lee Zeldin te deklare, “Kòm yon manm nan Komite Chanm Transpò ak Enfrastrikti ak Sou-komite nan Chemendefè, Tiyo, ak Materyèl Danjere, Mwen bat bravo pou etap enpòtan sa a nan modènize enfrastrikti MTA a pou asire sekirite. Mwa pase a, Mwen te vote pou Lwa Investisman ak Refòm Tren Pasaje (HR 749), ki gen ladann refòm pou amelyore pwosesis lant ak ankonbran pou prè RRIF yo, asire plis potansyèl moun ki bezwen prè pou gen aksè nan finansman enpòtan sa a pou amelyore sekirite tren. Mwen enpasyon pou m kontinye travay avèk Gouvènè Governor Cuomo ansanm avèk ofisyèl Eta New York yo pou konplete modènizasyon sekirite enpòtan sa a .”

Konsènan LIRR ak Chemendefè Metro-North

Chemendefè Long Island ak Metro-North se Chemendefè ki pi frekante nan peyi a, ansanm yo rapòte yon total pasaje de 170.5 milyon an 2014. Avèk prèske 1,500 tren pa jou kap sèvi prèske 250 estasyon nan 15 konte, yo kouvri yon teritwa 5,000-mèt kare atravè de eta. Liy Metro-North New Haven ak branch li yo travay ansanm avèk

Depatman Transpòtasyon Connecticut la; Liy Metro-North Port Jervis ak Liy Pascack Valley ap travay ansanm avèk NJ Transit.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418